# Aymaqlıq ishki jollar jámiyetshilik pikiri tiykarında ońlanadı

Image not found or type unknown

«Ashıq byudjet» málimleme portalı arqalı jámiyetshilik pikiri tiykarında qáliplesken ilajlardı qarjılandırıwdı jáne de keńeytiw is-ilajları haqqında»ǵı Prezident qararı (PQ–5250-sanlı, 22.09.2021 j.) qabıl etildi.
Qararǵa bola, 2021-jıl 1-oktyabrge shekem:
Puqaralar baslaması fondında 1 mlrd swmnan kem qarjı qáliplesken rayon hám qalalar ushın qosımsha 57,9 mlrd swm;
“Ashıq byudjet” málimleme portalı arqalı kelip túsken usınıslar sanı 100 den artıq bolǵan rayon hám qalalarǵa qosımsha 59,5 mlrd swm qarjı ajıratıladı.
2022-jıl 1-yanvardan rayon hám qalalar byudjetleri parametrlerinde aymaqlıq ishki jollardı ońlaw ushın ajıratılatuǵın qarjılardıń 50 procenti «Ashıq byudjet» málimleme portalı arqalı jámiyetshilik pikiri tiykarında anıqlanǵan ishki jolllardı  ońlawǵa baǵdarlanadı.
Rayonlar hám qalalar hákimlikleri tárepinen hár sherekte sherekten keyingi aydıń 25-sánesine shekem jámiyetshilik pikiri tiykarında qáliplestirilgen ilajlardı qarjılandırıw boyınsha maǵlıwmatlar rásmiy veb-sayt hám «Ashıq byudjet» málimleme portalına jaylastırılıp barıladı.

**Qarakalpaqstan Respublikası avtomobil jolları aymaqlıq bas basqarması málimleme xızmeti**